

## **Komite ijejwe agateka ka zina muntu**

### **Ivyashirijwe bisozera kubijanye n'icegeranyo cakabiri c'Uburundi gitangwa buri gihe\***

#### **A. Intangamarara**

1. Komite irakiriye yongera ishima icegeranyo ca kabiri c'Uburundi, catanzwe gicerewe imyaka 17. Irakiriye ibimenyeshwa mur'ico cegeranyo. Komite yakiranye urweze umurwi waserukiye igihugu cateye igikumu ku masezerano uburenganzira mu biranga umununtu no mu vya politike (Amasezerano) ku rwego rwo hejuru hamwe n'ibiganiro uwo murwi wagiranye na Komite ku bijanye n'ishirwa mu ngiro ry'ingingo ziri mu masezerano. Komite irashimiye Leta ko yatanze inyishu biciye mu nyandiko (CCPR/C/BDI/Q/1/Add.1) kubijanye n'urutonde rw'ibibazo vyari bitegekanijwe kwihwezwa (CCPR/C/BDI/Q/2/1), vyunganiwe n'amajambo yavuzwe mu biganiro vyabaye hamwe n'inyishu zanditswe zatanze mu ntumbero yo gusubira kuvyunganira.

#### **B. Intambwe zishimishije**

2. Komite irashima ikurwaho ry'igihano co gupafa mu gitabo c'amategeko mpana vyaha co muri 2009.
3. Komite yakiranye urweze iyemezwa burundu ry'Amasezerano mpuzamakungu akurikira :
  - a) Inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku masezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana, avuga ku vyerekeye icuruzwa ry'abana, ishurashuzwa ry'abana hamwe n'ukwerekana abana mu masanamu y'ubuhumbu, muri 2007 ;
  - b) Inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku masezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana avuga ku vyerekeye ikoresheya ry'abana mu ntambara, muri 2008 ;
  - c) Inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku masezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abantu bagendana ubumuga, muri 2014 ;
  - d) Inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku masezerano mpuzamakungu yerekeye kurwanya gusinzikaza ubuzima, ibihano canke gufata abantu bunyamaswa hamwe n'ayandi y'agahomerabunwa akorerwa ikiremwa muntu, muri 2013 ;

---

\* Vyemejwe na Komite mu nama yayo igira 112 (7-13 gitugutu 2014).

**C. Ibibazo bikuru bikuru biteye impungenge hamwe n'ivyokorwa**

**Kwinijiza ingigo z'Amasezerano mu mategeko y'igihugu hamwe n'ikurikizwa ry'Amasezerano imbere ya sentare z'igihugu**

4. Komite irabona ko ingo ya 19 y'ibwirizwa nshiningiro ry'igihugu yerekeza ku masezerano amwe amwe yerekeye agateka ka zina muntu ariko naho biri uko irabona ko sentare z'igihugu ataco zivuga ku ngingo z'Amasezerano canke ngo zisunge izo ngingo mu manza zica (ingingo ya 2).

**Leta ikwiye kuraba ko ingingo zose z'Amasezerano zikoreshwa koko mu ma sentare n'inzego z'igihugu. Ikwiye gukora ibikenewe vyose mu guhimiriza abacamanza, abashingwamanza hamwe n'abashikirizamanza ku vyerekeye ingingo zigize Amasezerano kugira izo ngiro zikoreshwa imbere y'ama sentare y'igihugu ayo nayo azifatirako.**

**Ibijanye n'ukwemeza burundu Inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku Masezerano**

5. Komite irakiriye ivyamenyeshejwe na Leta ko integuro (z'amategeko) ajanye n'ukwemeza ibitabo bibiri vy'inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku Masezerano ziriko zirategurwa.

**Komite ihimirije Leta kwemeza burundu, mu maguru masha, inyunganiramasezerano adahatirwako yerekejwe ku Masezerano, uko ari mu bitabo bibiri.**

**Umurwi w'igihugu wigenga ujejwe agateka ka zina muntu**

6. Komite iratewe impungenge no kwumva ko igena riherutse ry'abakomiseri babiri bagize umurwi w'igihugu wigenga ujejwe agateka ka zina muntu ryoba ryabaye hakoreshejwe guharura ubwishi bw'amajwi y'abashingamateka baturuka mu mugambwe uri ku butegetsi kandi abashingamateka baturuka mu migambwe itavuga rumwe na Leta atari ho bari, ivyo bikaba bidafasha mu bw'igenge koko b'uwo umurwi. Iratewe impungenge ni uko amafaranga ategekanywa mu nteguro yayo umurwi ukoresha aguma agabanuka. (Ingingo ya 2).

**Leta ikwiye gufata ikongera igashira mu ngiro ingingo zituma umurwi wigenga koko ikongera ikawuha uburyo bukwiye buwufasha kurangura ibikorwa vyawo hisunzwe ingingo z'i Paris.**

**Ikumirwa rifatiye ku karangamutima ka muntu mu bijanye no kurangura amabanga mpuzabitsina**

7. Komite iratewe impungenge no kwumva ibangamirwa ry'ubuzima bw'abafitaniye imigenderanire ibonenka nk'ishingiye ku mabanga mpuzabitsina babisangiye, iterabwoba hamwe n'ikumirwa bagirirwa biciye mu nzira nyishi mu bijanye n'ubuzima bwa misi yose. Komite iratewe impungenge na cane cane n'uko : ukurangura amabanga mpuzabitsina ku babisangiye bihanwa nk'icaha mu gitabo c'amategeko mpanavyaha ; hakurikijwe ingigo ya 9 y'itegeko nshikiranganji ry'umushikiranganji w'indero y'intango No. 620/613 ryo ku wa 11 ruheshi 2011, abanyeshure bafashwe nk'uko boba bafitaniye imigenderanire ishingiyeye ku mabanga mpuzabitsina babisangiye bashobora kwirukanwa ku mashure yabo ; hamwe n'intambamyi abafitaniye imigenderanire iboneka nk'uko ishingiyeye ku mabanga mpuzabitsina babisangiye bagira mu gushinga amashirahamwe. (ingingo za 2, 17, 22, 26).

**Leta ikwiye : gufuta icaha c'ukurangura amabanga mpuzabitsina ku basangiye ibitsina ; guhindura itegeko nshikiranganji ry'umushishikiranganji w'indero y'intango mu ntumbero yo kubuza ko ikoresha mw'ikumirwa ry'abafitaniye imigenderanire iboneke nk'ishingiye ku ma banga mpuzabitsina babisangiye bari mu rwaruka ; gukuraho inzitizi izo ari zo zose canke intambamyi vyaba biciye mu gukoresha ingingo ziri mu mategeko canke biciye mu kubikora uko mu ngiro (atari ngomwa ngo harinde kuba hafashwe itegeko mur'iyi ntumbero) mu bijanye no gushinga amashiramwe kubafitaniye imigenderanire iboneka nk'ishingiye ku mabanga mpuzabitsina babisangiye ; gufata ingingo zikenewe kugira ikingire kok abafitaniye imigenderanire iboneka nk'ishingiye ku mabanga mpuzabitsina babisangiye, ubugizi bwa nabi mu kubasinzikariza umubiri hamwe n'ikumirwa iryo ari ryo ryose.**

**Kudakumira, ukungana imbere y'amategeko kw'abagabo n'abagore**

8. Komite itewe impungenge n'ukwinuba, ukurondera kugirira nabi hamwe n'ugusinzikarizwa umubiri bikorerwa ba nyamwema (ingingo ya 2, 26).

**Leta ikwiye kubandanya utwigoro twayo mu ntumbero yo gukingira ba nyamwema kw'ikumirwa bagirirwa iryo ari ryo ryose, harimwo no gusinzikarizwa igufa, yongere itore inyishu zirama zotuma bashobora kuronka ivyo vyose bijanye no kubungabunga amagara yabo, gufashwa mu bijanye n'ivy'imibano, akazi hamwe n'indero, ata gukumirwa.**

9. Naho ishimishwa ni uko Leta yashinze igitigiri ca 30 kw'ijana c'abakenyezi mu nzego za politike zishirwaho biciye mu matora, Komite iratewe impungenge n'uko abakenyezi baserukiwe ku rugero ruto mu biraba itunganywa ry'ubuzima bw'igihugu haba ku rugero rw'intara no mu nzego zo hasi mu mpande zose z'ubuzima bw'igihugu. (ingingo za 3, 25).

**Leta ikwiye gukomeza utwigoro kugira ngo abakenyenzi baserukirwe kuruta mu bijanye n'itunganywa ry'ubuzima bw'igihugu, nko mu gufasha kugira amategeko akurikizwe koko no muguhimiriza abakenyezi**

**ngo bitoze mu nzego zijaho biciye mu matora. Ikwiye kandi gufata ingingo kugira ngo iduze ibitigiri vy'abakenyezi mu nzego zifata ingingo mu mpande zose z'ubuzima bw'igihugu.**

10. Komite iratewe impungenge n'uko hari ukudafatwa kumwe ku bagabo n'abakenyezi mu bijanye no gutorana, itunganywa ry'amatungo y'abubakanye hamwe n'ibijanye no kugaba ikongera n'uko igitabo c'amategeko agenga ingo n'abantu kigitegekanya, mu ngingo yaco ya 88, imyaka uwipfuzwa kwubaka ategerezwa kuba n'imiburi buri ashikanye itandukanye ku bagabo no kuba bagore. (ingingo za 2, 3, 23 na 26).

**Leta ikwiye gusubiramwo igitabo c'amategeko agenga ingo n'abantu kugira itegekanye imyaka umuntu aba akwiye n'imiburi buri kugira ngo ashobore kwubaka mu mategeko ingana ku bagabo no ku bagore, hisunzwe amategeko mpuzamakungu. Ikwiye kwemeza integuro y'itegeko ryerekeye gutorana, itunganywa ry'amatungo y'abubakanye hamwe n'ibijanye no kugaba yongere irabe ko ryisunze koko ingingo z'Amasezerano. Leta ikwiye kandi kugirisha isekeza mu ntumbero yo guhimiriza abanyagihugu kugira ngo inyifato zishimikiye ku migezo zibuzwa abakenyezi gukoresha amatega nshingiro yabo zihinduke.**

#### **Ivyaha bikorwa hagati y'abubakanye**

11. Komite iratewe impungenge no kwumva ko hakiri ho amabi akorwa hagati y'abubakanye naho hari ingingo zari zisherutse gufatwa. Iratewe impungenge kandi n'ibi: kuba ata biharuro ntanga muco bihari vyofatirwako kugira hamenyekane urugero rw'ibijanye n'amabi akorerwa abakenyezi hamwe n'ico amasekeza yo guhimiriza ashikako mu bijanye n'ivyo (kurwanya amabi akorerwa abakenyezi); kuba ata nzego n'uburyo bikwiye mu bijanye no gufasha mu vy'imibano hamwe no kurosa abashikiwe n'amabi akorwa mu ngo aho bakika umusaya; kuba ata biharuro ntanga muco bihari vyerekana ibitigiri vy'abitwara, amatohoza akorwa hamwe n'abakurikiranwa, imanza zicibwa hamwe n'ibihano bihabwa abagiriwe n'icaha. (ingingo za 3, 7 hamwe 26).

**Leta ikwiye : gushira mu ngiro koko ingingo nkenerwa zo mu gitabo c'amategeko mpanavyaha ikongera igatora vuba integuro y'itegeko nyezina ryerekeye gukinga no guhana ivyaha bifatiye ku gitsina ; gufasha mu bijanye no gushikira ubutungane kubashikiwe n'ivyaha bikorwa hagati y'abubakanye ikongera igakingira abakenyenzi ku bugizi bwa nabi canke ikumirwa iryo ariryo ryose bashobora ku girirwa bifatiye ku vyo bashikirije ; gukora ibishoboka vyose kugira ngo ivyaha bikorwa hagati y'abubakanye vyose bigirweko amatohoza akwiye kandi abo vyagira bashirwe imbere y'ubutungane ; gufata ingingo kugira abajewe gushira mu ngiro amategeko baroswe inyigisho zikwiye zibafasha gutohoza ku bijanye n'ivyaha bikorwa hagati y'abubakanye, bashobore kuronsa abo vyashikiye bose aho bakika umusaya, baroswe ivya ngombwa mu bijanye n'abakozi babishoboye hamwe n'uburyo bukwiye ; hamwe no kubandanya amasekeza yo guhimiriza abanyagihugu ku ngaruka mbi z'amabi akorerwa abakenyezi.**

### **Ubwicanyi ndengerabutungane**

12. Komite iratewe impungenge n'uko hari ubwicanyi bushobora kuba bukorwa ku bwishi, mu babukora hashobora kuba harimwo abari mu nzego zijejwe umutekano no kwivuna abasi, bukaba bwoba bwarakozwe na cane cane mu kiringo c'inyuma y'amatora yo muri 2010, ubwicanyi butoba, bwose, bwaragizweko amatohoza ngo abo bwagira bakurikiranwa, bacirwe imanza bagiriwe n'ivyaha vyagira n'ivyaha bahanwe (ingingo ya 6).

**Leta ikwiye gufata ingingo nkenerwa zose kandi ngirakamaro mu ntumbero yo kurwanya ukudahana ivyaha, mu kugira vyihuta amatohoza akwiye kandi ataho yegamiye mu gihe cose hari uwatswe ubuzima bidaciye mu mategeko kugira ngo ababikoze badomweko urutoke, bacirirwe imanza maze icaha kibagiriye bahabwe ibihano bikwiye imiryango y'abakorewe ivyaha iroswe inshumbusho. Leta ikwiye kugwiza inyigisho ku bijanye n'agateka ka zina muntu na cane cane kubijanye n'ingingo z'Amasezerano, zigenewe abari mu nzego z'mutekano n'izo kwivuna abasi.**

### **Kubuza isinzikaza ry'ubuzima n'ihohotera**

13. Komite iratewe impungenge n'iharuro vyishi bivugwa vy'abasinzikarizwa ubuzima bikekwa kuri bamwe mu bari mu nzego z'igipolisi, zo kwivuna abasi n'iz'umutekano hamwe n'iperereza. Iratewe impungenge kandi n'ibivugwa ko ababikora boba badahanwa ikongera ikabona ko ata kivugwa ku manza zijanye n'isinzikaza ry'ubuzima zoba zaraciye n'ama sentare. Komite iratewe impungenge n'uko ata rwego ngirakamaro rujejwe kwakira abitwara ku bijanye n'isinzikaza ry'ubuzima vyoba vyagirizwa abari mu nzego z'umutekano no kwivuna abasi hamwe n'intambanyi zituma abantu batitwara, harimwo nko gutinya gutotezwa bivuye ku vyo bashikiirije. Komite iratewe impungenge no kwumva ko sentare zemera ivyemezo biciye mu kwiyeemerera icaha habanje kuba isinzikaza ry'ubuzima. (ingingo za 7 na 14).

**Leta ikwiye gukinga isinzikaza ry'ubuzima ikongera ikaraba ko ivyaha vy'isinzikazaza ry'ubuzimana canke guhohotera kiremwa muntu bikekwa ku bari mu nzego z'igipolisi, z'umutekano hamwe n'iperereza bigirwako amatohoza akwiye, abavyikekwako bagakurikiranwa, bibagiriye, bagahabwa ibihano bikwiye, ababikorewe bakaronka indishi ikwiye hagafatwa n'ingingo zijanye no kubasubiza mu gateka kabo biciye mu buryo bagishijweko inama. Ikwiye gushiraho urwego rwigenga rujejwe kugira amatohoza ku bijanye n'isinzikaza hamwe n'ihohotera bikekwa ku bari mu nzego z'igipolisi, z'umutekano hamwe n'iz'iperereza ikongera ikorohereza abakorewe ivyo vyaha mu bijanye no kwitwara. Ikwiye kandi kuraba ko abari mu nzego z'umutekano baguma baronka inyigisho zibaha ubuhinga mu bijanye no gutohoza ku vy'isinzikaza ry'ubuzima hamwe n'ihohotera, yobikora mu gushira ingingo z'amasezerano ya Istanbul yo muri 1999 mu nyigisho zose zigenewe abari mur'izo nzego. Itegerezwa kuraba koko ko ivyemezo biciye mu**

**kwiemerera icaha habanje kuba isinzikaza vyokwama na ntaryo biba mpfugusa imbere ya sentare.**

**Ibihano bifatiye ku gusinzikiriza umuntu igufa**

14. Komite iratewe impungenge no kwumva ko ibihano vyo gusinzikiriza umuntu igufa bigikoreshwa mu mashure amwe amwe no mu miryango. (ingingo za 7 na 24).

**Leta ikwiye gufata ingingo ziboneka, harimwo no gushinga amategeko bibaye ngombwa, kugirango ibihano vyo gusinzikaza igufa biveho mu bihe vyose na hose. Ikwiye guhimiriza ku bijanye no gutanga indero hakoreshejwe uburyo budafatiye ku nguvu aho gukoresha ibihano vyo gusinzikaza igufa ikongera ikagirisha isekeza ryo kwigisha abanyagihugu ku ngaruka mbi z'ibihano vyo gusinzikaza igufa.**

**Urudanza rw'umubiri w'abantu**

15. Komite iratewe impungenge no kwumva ko urucuruza rw'umubiri w'abandi rugikiriho mu gihugu, nko mu bijanye no gukoresha abantu mu bushurashuzi, mu kazi no mu gusega. Iranabagura ko hatazwi urugero koko rw'ivyo bikorwa, ko ata tegeko nyezina n'umugambi w'igihugu bihari vyo kurwanya urwo rucuruza. Irabona, ifatiye ku nsiguro zatanze na Leta, ko ata manza ziracibwa ku bijanye n'ivyo kandi ko imanza zijanye n'urwo rucuruza zikiriko zirabururishwa. (ingingo ya 8).

**Leta ikwiye gufata ingingo, nko mu kwemeza itegeko nyezina n'umugambi w'igihugu biri mu nteguro mu ntumbero yo gukinga no kurwanya urucuruza rw'abantu. Ikwiye kandi kugira amatohoza ku rucuruza rw'abantu rwose rwoba rwarabaye, gukurikirana abakekwa kuba bararukoze bagiriwe n'icaha bagahabwa ibihano bikwiye hakongera hagafatwa ingingo za nkenerwa kugira ngo ababikorewe baroswe indishi ikwiye. Ubusozera Leta ikwiye kugira isekeza ryo guhimiriza abanyagihugu kubijanye n'urucuruza rw'umubiri w'abandi ikongera igakomeza imigenderanire n'ibihugu bibanyi kugira ngo ishobore kurwanya bihagije urwo rucuruza.**

**Gupfunga ic'amaso, gupfunga vy'agateganyo hamwe n'uburenganzira shingiro butangwa n'amategeko**

16. Komite iratewe impungenge n'uko ikiringo co gupfunga ic'amaso c'imisi 7, gishobora kwongerezwako [uwo mwanya nyene] rimwe ari kire kire cane birenze. Komite iratewe impungenge kandi n'ikoreshwa birenze ryo gupfunga vy'agateganyo, bigatuma gupfungwa ivy'agateganyo birenze ikiringo gitegekwiye n'amategeko canke bigakorwa mu gihe bitari nkenerwa, ivyo bikaba keshi. Mu gusozera iratewe impungenge n'uko uburenganzira shingiro butangwa n'amategeko, nko gutegerezwako kumenyesha [ukuzikiranwa ko icaha] uburenganzira butangwa n'amategeko, kuroswa umushingwamanza, umuganga, gushobora kuvugana n'umuryango hamwe no kurengutswa mu maguru masha imbere y'umucamanza, keshi bitubahirizwa. Komite iratewe

impungenge kandi no kwumva ko hatama hasuzumwa koko ko gupfunga vy'agateganyo biciye mu mategeko hamwe n'ibitagenda neza mu bijanye no gukorana hagati y'urwengo rw'inyamiramabi n'inzego zijejwe gushira mu ngiro ipfunga vy'agateganyo, bigatuma bishika abantu bakabandanya bapfunzwe kandi barose urwandiko rubarekurira gusubira kwidegemvya. (ingingo y'i 9, 10 na 14).

**Leta ikwiye gusubiramwo igitabo c'ametegeko yerekeye ingene imanza zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa kugira ngo imanure ikiringo c'ugupfunga ic'amaso igishire ku masaha 48, gutyo ikiroranye n'Amasezerano ; gutegekanya ikiringo kizwi co gupfunga vy'agateganyo yongere irabe ko cubahirizwa ; gufata ingingo zihuta mu ntumbero yo gutorera inyishu ikibazo c'abantu bamaze imyaka myishi mu babohero bapfunzwe ivy'agateganyo. Leta ikwiye kandi gushira mu ngiro bimwe biboneka uburenganzira abapfunzwe ic'amaso canke ivy'agateganyo bahabwa n'amategeko, mu bijanye no kumenyeshwa uburenganzira bwabo hamwe no gushira mu ngiro koko bwa burenganzira shingiro butangwa n'amategeko twavuga hano. Ikwiye gukirikirana ishirwa mu ngiro koko ry'ingingo zo kurekura abapfunzwe ziba zafashwe n'umucamanza kugira ngo abo zerekeye basubire kwidegemvya mu maguru masha.**

#### **Ingene abatswe uburenganzira bwo kwidegemvya babayeho**

17. Komite iratewe impungenge no kubona ko uburyo abanyororo bafashwemwo mu mabohero nka yose y'igihugu gushika ubu butabereye. Irababazwa na cane cane n'ibitigiri birenze cane vy'abari mu mabohero ugereraniye n'ibitigiri vy'abategerezwa kwakirwa no kwumva ko isuku ridashemeye, ukuvuzwa bidashemeye, ingaburo zihabwa abanyororo zitikwije kandi zitaboneka buri gihe. Komite iratewe impungenge kandi n'uko atavangura rihari hagati y'abapfungwa bakuze n'abana, abagabo n'abagore, abataracirirwa imanza n'abamaze kuzicirwa. Irababazwa kandi ni uko ata rwego rukora koko ruhari kugira rwakire ibibazo vy'abanyororo bitwara (ingingo za 9 na 10).

**Leta ikwiye kwongereza inguvu kugira ngo iteze imbere uburyo abanyororo babayeho n'ingene bafashwe; gukomeza ishira mu ngiro ingingo zotuma haboneka inyishu y'ikibazo c'ibitigiri birenze vy'abari mu mabohero hisunzwe ingingo ngenderwako z'ishirahamwe ONU zerekeye ingene abapfungwa bategerezwa gufatwa n'imiburi buri. Ikwiye gushira ho umugambi uboneka werekeye ishirwa mu ngiro ry'ingingo zitegekanya ibihano bishobora gusubirira ibihano vyo gupfunga. Leta ikwiye inzego zikora koko mu bijanye no kwakira no kwiga mw'ibanga ibibazo vy'abanyoro bitwara. Ikwiye gufata ingingo nkenerwa mu kuvangura abanyororo hafatiwe ku myaka, igitsina, hamwe n'imvo bapfungiwe. Leta ikwiye kuraba ko igenzurwa ry'amabohero ritegekanijwe rikorwa koko ku buryo bushimishije kandi buri gihe yongere yihutire gushiraho urwego rw'igihugu rujejwe gukinga no kurwanya isinzikaza ry'ubuzima bwa kiremwa muntu.**

**Ingene urwego rw'ubutungane rukora hamwe n'ibijanye n'urubanza rubereye**

18. Komite iratewe impungenge n'ingorane nyishi mw'itunganywa n'ingene inzego z'ubutungane z'igihugu zikora nk'ibitigiri vy'abacamanza bidakwiye, uburyo buke zihabwa; imanza nyishi zirara hamwe no kutigenga k'urwego rw'ubucamanza biturutse ku kwivanga kw'ubutegetsi mu bikorwa vy'urwo rwego. Iratewe impungenge kandi n'uko uburenganzira bushingiye ku rubanza rubereye budategekanijwe bwose nko kuroswa umushingwamanza mu ntambwe zose z'urubanza hamwe no gufashwa mu bijanye n'uburyo bwo kuburana. ( ingingo ya 14)

**Leta ikwiye gufata ingingo nkenerwa zose kugira ngo urwego rw'ubutungane rwigenge. Ikwiye kandi kwongeraza no gukomeza ingingo zafashwe mu ntumbero yo gufasha abanyagihugu gushikira ubutungane, ikaraba ko uwo ari we wese aronswa, mu mategeko no mu ngiro, uburenganzira bwose buteganywa n'amategeko harimwo kwunganirwa n'umushingwamanza mu manza z'ivyaha, igafasha mur'ivyo vyose vya nkenerwa kugira hacibwe urubanza rubereye. Ikwiye kandi guha ivya nkenerwa urwego rw'ubutungane mu bijanye n'abakozi n'uburyo bukwiye mu vy'amafaranga rukeneye mu bikorwa vyarwo yongere iteganywe ingene abagirizwa ivyaha bofashwa mu bijanye n'uburyo bwo kuburana.**

**Uburenganzira bwo guserura ic'iyumviro, gukoranya amanama hamwe no gushinga amashirahamwe**

19. Komite iratewe impungenge : a) n'ingingo ya 20 y'itegeko rigenga umwuga wo kumenyeshya amakuru ryo ku wa kane ruheshi 2013 iteganywe uguca iruhande cane bidasanze ingingo ngenderwako yerekeye uburenganzira bw'umu menyeshamakuru bwo kudatanga aho yakuye inkuru mu bijanye no gukingira inzego z'igihugu, umutekano w'abanyagihugu, amabanga yerekeye ivyo kwivuna abasi hamwe no gukingira ubuzima bw'abantu; b) ingingo za 18 na 19 z'iryo tegeko nyene zitegekanywe inzitizi ku bijanye n'ibibazo abamenyeshamakuru bashobora gutohozako no gushikizako amakuru; c) ingingo za 59 na 60 zitegekanywe ivyaha abamenyeshamakuru bakurikiranwako mu gihe borenga ingingo za 18 na 19 hamwe n'amahadabu aremereye ahanishwa ama radiyo n'ibinyamakuru. Komite iratewe impungenge kandi no kwumva hari ukurondera kugira nabi harimwo no mu gusinzikariza igufa, kuburabuza hamwe n'iterabwoba bigirirwa abamenyeshamakuru n'abaharanira agateka ka zina muntu, vyoba bigirwa n'inzego z'igipolisi n'umutekano. Komite iratewe impungenge kandi n'itegeko rishasha rigenga imyirekano rikoresha amajambo nk' "umutekano w'abanyagihugu bose" ashobora gusigurwa n'umwe wese uko avyumva hagahava havamwo kuyakoresha mu kubuza imyiyerekano. Ku bijanye n'ivyo Komite iratewe impungenge no kwumva ibuzwa ry'imiyerekano mu gihugu, harimwo no ku migambwe, iterabwoba n'iburabuzwa ry'abagomvye kugira imyiyerekano. Uburangiza Komite iratewe impungenge n'inzitizi nyishi hamwe no kutoroherezwa mu bijanye no gushinga amashirahamwe. ( ingingo za 19, 21 na 22)



**Hishimikijwe umuco utangwa n'insiguro n° 34 (2011) ya Komite, Leta ikwiye gusubiramwo amategeko y'igihugu kugira iroranishe ingingo zose zigabanya uburenganzira mu bijanye n'umwuga wo kumenyesha amakuru hamwe n'akazi k'ama radiyo n'ibinyamakuru ku bitegekanijwe mu gace ka 3 k'ingingo ya 19 y'Amasezerano. Ikwiye kandi gusubiramwo amategeko yayo kugira ifute amahadabu arenze urugero cane hamwe n'ibihano ku bamenyeshamakuru boba bashikirije inkuru ku bibazo bimwe bimwe. Ikwiye kandi gufata ingingo nkenerwa mu gukingira abamenyeshamakuru hamwe n'abaharanira agateka ka zina muntu ubugizi bwa nabi n'iterabwoba bashobora kugirirwa ibafashe mu bishoboka vyose mu bijanye no gushira mu ngiro uburenganzira bwo kurangura imirimo yabo, ikore amatohota, ikuruikirane, icire imanza yongere ihane abo bose bagiriwe n'ibikorwa vyo kuburabuza, kurondera kugirira nabi no gutera ubwoba abamenyashamakuru n'abaharanira agateka ka zina muntu. Leta ikwiye gusubiramwo amategeko kugira ikureho inzitizi zose zidakenewe mu bijanye n'uburenganzira bwo kugira ama nama ku mugaragaro hamwe no gushinga amashirahamwe.**

20. Leta ikwiye gukwiragiza ku rugero runini ibiri mu Maserano, mu bitabo nyunganiramasezerano biyerekejweko uko ari bibiri, icegeranyo ca kabiri c'inyishu zatanzwe biciye mu nyandiko ku bibazo vyari bitegekanijwe kwiga vyari ku rutonde rwakozwe na Komite hamwe n'ibi bishikirijwe mw'isozera mu ntumbero yo guhimiriza abatgetsu mu nzego z'ubutugane, nshingamategeko, za Leta, abari mu mashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike, mashirahamwe ategemiyeye Leta akorera mu gihugu hamwe n'abanyagihugu. Komite isavye kandi ko icengeranyo n'ivyashikirijwe mw'isozera bishirwa mu ndimi zitegekanijwe n'amategeko. Komite isaba kandi Leta ko mu gihe izoba iriko irategura icegeranyo ca gatatu gitangwa buri gihe yogisha inama amashirahamwe adaharanira ibibanza vya politike hamwe n'amashirahamwe ategemiyeye Leta.
21. Nk'uko bitegekanijwe mu gace ka 5 k'ingingo ya 71 y'amategeko ashirwaho na Komite yerekeye ingene Komite ikora, Leta ikwiye kuzoba yashikirije Komite, mu kiringo c'umwaka, ibijanye n'ivyakozwe ku vyerekeye ivyasabwe vyakorwa biri mu duce 7, 12, 13 na 17.
22. Komite isavye Leta kuzoshira mu cegeranyo gitangwa buri gihe gikurikira, gitegerezwa kuzoshikira Komite hatarenze igenerekerezo rya 31 gitugutu uherye uyu musu, insiguro zikwiye kandi ziri ku gihe ku vyakozwe ku bindi vyasabwe vyakorwa hamwe n'ikurikizwa ry'Amasezerano muri rusangi.